# ЭКОЛОГИЯ ТАРАЎЫНДАҒИ ЖЫНАЯТЛАР

**Кожамуратова Айгуль Кутлымурат кызы**
Қаракалпақ мәмлекетлик университети
Юридика факультетиниң 3-курс студенти

## АННОТАЦИЯ

Республикамызда мәмлекет ғәрезсизлиги дағаза етилгеннен соң, әмелге асырылып атырған економикалық, социал ҳәм материаллық мунәсебетлерди түптен реформалаў, оларды жетилистириў процеси тек ғана өтиў дәуирдиң қыйыншылықлары менен емес, бәлким жүдә қурамалы ҳәм бир-бирине кери болған хадийселер менен де аңлатылады.

**Гилт сөзлер:** Экологиялык кризис, юридикалык жууапкершилик, Экологиялық жуўапкершилик.

# ПРЕСТУПЛЕНИЯ В СФЕРЕ ЭКОЛОГИИ

## АННОТАЦИЯ

Развитие экономических, политических и материальных отношений, произошедшее в нашей республике после провозглашения государственной независимости, в ходе их развития, понимается не только трудностями переходного периода, но и весьма тяжелыми и противоречивыми событиями.

**Ключевые слова:** экологический кризис, ответственность, установленная законом, экологическая ответственность.

Қоршаған тәбийий орталықты қорғаў ҳәм тәбияттан ақылға сай пайдаланыўды тәмийинлеў илажлары системасында нызам ҳүжжетлерине әмел етпегенлик, екологиялық талапларды бузғанлық ушын юридикалық жуўапкершилик илажлары зәрүрли орынды ийелейди.

Юридикалық жуўапкершилик дегенде, ҳуқық нормаларын бузғанлық ушын жаза шараларын қөллаў әқыбетинде ҳуқықбузарға унамсыз ақыбетлер туўдырыў ҳәм мәмлекет тәрепинен ҳуқық талапларын орынлаўға мәжбүр етиў түсиниледи. Юридикалық жуўапкершилик социал жуўапкершиликтиң бир түри болып, ҳуқықый нормаларда белгиленеди ҳәм мәмлекеттиң мәжбүрлеў күшин қөллаў мүмкиншиликлери менен бәрҳәма байланыслы болады.

Юридикалық жуўапкершилик ҳуқықбузарлық әмелге асырылғанда және оның унамсыз әқибети келип шыққанда пайда болады. Юридикалық

жуўапкершилик мәмлекеттиң мәжбүрлеў характериндеги илажларын ҳуқыққа қарсы ҳәрекет (ямаса Ҳәрекетсизлик) ислеген шахсқа салыстырғанда қолланылыўы менен байланыслы ҳәм ол ҳуқықбузарлыққа қарсы гүрестиң зәрүрли ҳуқықый қуралы болып табылады.

Экологиялық жуўапкершилик бойынша социал мунасәбетлер екологиялық ҳуқықбузарлық әмелге асырылғанда пайда болады. Ол. Т. Аюбовнинг пикирине қарағанда экологиялық ҳуқықбузарлық дегенде тәбийий ресурслардан пайдаланыў ҳәм оларды қорғаў хаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузыўши айыплы,нызамға қарсы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик түсиниледи. Экологиялық ҳуқықбузарлық әмелге асырылғанда әтирап тәбийий жән-жаққадада ол арқалы инсан саламатлығына зыян жеткизиледи ямаса зыян жеткизиў қәуипи туўылады. Бирақ,мәлим бир жағдайларда зыян екологиялық ҳуқықбузарлықларды белгилеўде есапқа алынбауы мүмкин, себеби тәбийий ресурслардан пайдаланыў ҳуқықын бузыў әқибетинде экологиялық мунасәбетлердиң басқа бир субъектлерин ҳуқық ҳәм мәплери айныўы мүмкин. Мысалы, ҳеш ким тәрепинен пайдаланылмай жатқан жер майданын өзбасымшалық менен ийелеп алыўда мәмлекеттиң жерге болған мүлк ҳуқықы бузылады.

С. А. Баголюбов болса экологиялық ҳуқықбузарлықлардың пайда болыўының тийкарғы шәрти усы социал қәуипли ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизликтиң нызам ҳүжжетлеринде белгиленген болыўы ҳәм экологиялық ҳуқықый мунасәбетлер қатнасыўшылары нызам ямаса шәртнамаларда көрсетилген ҳуқыққа қарсы болмаған ҳәрекетлер ислеў мүмкиншилигине ийе екенлигине қарамастан нызамга карсы ҳуқықый ис ҳәрекет ислеўинде көринетуғын болыўын айтып отеди.

Айрықша атап өтиў керек, екология ҳуқықына тийисли әдебиятларда екологиялық ҳуқықбузарлықлар түсинигине ҳуқықбузарлықтың улыўма тәрийпинен келип шығып тәрийпи берилген болып усы түсиниктиң бөлек кеңейтирилген тарийплерди ушыратыў қыйын.

Пикиримизше, экология тарауындағы ҳуқықбузарлықлар бул Өзбекстан Республикасы оның  ҳүжжетлеринде көрсетилген харекетлер иследиўи нәтийжесинде екологиялық орталыққа зыян жеткизилетуғын ямаса зыян жеткизиў қәупин туўдыратуғын  ҳәрекет ямаса  харакетсизлик пенен тарийпленетуғын социал қәуипли қылмыс болып табылады.

Экологиялық ҳуқықбузарлықлар объекти тәбийий ресурслар, қоршаған тәбийий орталық, тәбийий ресурслардан пайдаланыў ҳәм оларды қорғаў бойынша белгиленген тәртиби есапланады. Экологиялық ҳуқық бузыўлардың субъекти болса оны амелге асырыушы юридикалық ҳәм физикалық шахслар есапланады.

Экология тарауындағы жынайый жуўапкершилик мәселелерине айдынлық киргизиўден алдын экологиялық ҳуқық бузыўлардың нызам менен қадаған етилиу ҳәм жазаға тән тарепинен экологиялық ҳуқықый жуўапкершилик мәселесине итибар қаратыўымыз мақсетке муўапық болып табылады.

С. А. Боголюбов экологиялық ҳуқықый жуўапкершилик мақсети ҳәм мәниси тәрепинен қурамалы ҳәм ҳәр қыйлы көриниске ийе екенлигин айтып өтеди. Оныңша, экологиялық ҳуқуқий жуўапкершилик бир тәрептен жаза екинши тәрептен болса оны қоллау қәупин туўдырыў болып табылады.

Әлбетте, усы тарийп айрықша болып табылады бирақ экологиялық ҳуқықый жуўапкершилик түсинигин толық ашып бермейди. Сол орында экологиялық ҳуқықый жуўапкершилик түсинигине Ю. А. Жураев тәрепинен берилген тарийпти толық деп есаплаў мүмкин. Оның пикирине қарағанда экологиялық ҳуқықбузарлықлар ушын юридикалық жуўапкершилик бул ҳуқуқбузардың ҳуқуққа қарсы ис - ҳарекети нәтийжесинде экологияға жеткизилген зыянын қаплау менен байланыслы нызам нормаларында көрсетилген миннетлемелери болып табылады.

Мәмлекетимизде реформаларды басқышпа-басқыш әмелге асырыўды қатаңлылық пенен алып барылғанлығы себепли, базар экономикасы системасын қурыў, ҳуқықый демократиялық мәмлекеттиң социал мунәсибетлерин қәлиплестириў жолында салдамлы жетискенликлерге ерисилди.

Биринщиден - экология саласындағы ҳуқықбузарлықлар түсиниги төмендегише айтылыўы керек: Экология саласындағы ҳуқықбузарлықлар бул Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлеринде көрсетилген жүз етилиўи нәтийжесинде екологиялық орталыққа зәлел жеткизилетуғын ямаса зәлел жеткизиў қәупин туўдыратуғын ҳәрекет ямаса ҳәрекецизлик менен анықлама бернетуғын социал қәуипли қылмыс болып табылады.

екиншиден - базар економикасы шараятларында юридикалық шахслар тийкарғы ҳәрекет етиўши субъектлер есапланады. Олар тәрепинен келтирилетуғын зыйан (әсиресе, екология саласында ) физикалық шахс тәрепинен келтирилетуғын зыйанға салыстырғанда бир неше мәрте социал қәуипли есапланады. Олар ушын пуқаралық -ҳуқықый тәртипте белгиленетуғын жуўапкершилик, әмелге асырылған социал қәуипли ҳәрекет (ҳәрекетсизлик) дәрежесине уйқас емес.

Биздиң пикиримизше, жынаят ҳуқықы принциплерине жаңаша көз бенен қараў заман талабы ҳәм мәмлекетимизде жеке меншик институтының раўажланыўы жынаят ҳуқықы принциплериниң заманға келисиўин талап қылады.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)**

I .Басшы әдебиятлар :

1. 1 Мирзиёев Ш.М. “Еркин хәм парауан демократик Өзбекстан мәмлекетти биргеликте қурамыз -2021.

1. 2. Каримов И. А. Қурылысшылық жолынан.- Т. 4.- Ташкент: Өзбекстан,1996.- 349 б.

1. 3. Каримов И. А. Жаңаша пикирлеў ҳәм ислеў - дәуир талабы.- Т. 5.-Ташкент: Өзбекстан, 1997.- 384 б.

1. 4. Каримов И. А. Қаўипсизлик ҳәм турақлы раўажланыў жолында :- Т. 6.- Ташкент: Өзбекстан, 1998.- 429 б.